



**Orange County
Public Schools**

Sally Ride Elementary

9601 11th Avenue Orlando, FL 32824

(407) 858-3100

Fax (407) 858-2222

www.sallyridees.ocps.net

Mrs. Raquel Flores, Principal

Mrs. Allison Garske, Assistant Principal



Chè Paran/ Gadyen:

Bi lèt sa a se pou enfòmè w yo pral evalye pitit ou a pandan premye 30 jou lekòl nan sèvi ak egzamen ‘Star Early Literacy’ kòm nouvo “Florida Kindergarten-Readiness Screener (FLKRS)” (Egzamen Florid sou Preparasyon pou Jadendanfan). Rezilta egzamen sa yo bay enfòmasyon enpòtan sou preparasyon yon timoun pou lekòl, ede pwofesè devlope plan leson pou satisfè bezwen endividyèl chak timoun, e ofri paran enfòmasyon ki itil.

Star Early Literacy[®] se yon egzamen ki fèt sou òdinatè ki gen ladan 27 kesyon e ki pran 15 minit pou elèv jadendanfan fè l. Elèv ka itilize aparèy ak sourit, klavye, oubyen touch ekran pou reponn kesyon yo, ki di awotvwa sou òdinatè a e ki montre imaj senp. Pwofesè pitit ou a pral ba li tan pou pratike pou l vin abitye avèk fòm egzamen an anvan li patisipe nan egzamen ofisyèl FLKRS la.

Metòd egzamen FLKRS yo itilize a baze sou estanda pèfòmans yo apwouve pou itilizasyon nan Pwogram Edikasyon “Voluntary Prekindergarten (VPK)” (Klas Matènèl Volontè) a. Si w gen kesyon sou administrasyon egzamen FLKRS la, ou ka kontakte Joseph Guarino nan 407-858-3100. Pou plis enfòmasyon sou pwogram FLKRS la, silvouplè vizite paj FLKRS la sou sit Entènèt FDOE a nan <http://www.fldoe.org/accountability/assessments/k-12-student-assessment/flkrs>.

Mèsi dèske w sipòte pitit ou a e lekòl li a pandan administrasyon egzamen sa a. Nou tout ap travay ansanm pou asire pitit ou a gen siksè nan eksperyans jadendanfan li a.

Sensèman,

Joseph Guarino

Sally Ride Elementary

Testing Coordinator

OCPS EEO Non-Discrimination Statement

The School Board of Orange County, Florida, does not discriminate in admission or access to, or treatment or employment in its programs and activities, on the basis of race, color, religion, age, sex, national origin, marital status, disability, genetic information, sexual orientation, gender identity or expression, or any other reason prohibited by law. The following individuals at the Ronald Blocker Educational Leadership Center, 445 W. Amelia Street, Orlando, Florida 32801, attend to compliance matters: Equal Employment Opportunity (EEO) Officer & Title IX Coordinator: Keshara Cowans; ADA Coordinator: Michael D. Graf; Section 504 Coordinator: Tajuana Lee-Wenze. (407.317.3200)